

# POESAKA-SOENDA

## DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

### JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT.  
J. KATS, M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni / 3.—  
Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . . 0.30  
Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja. . . . . 20.—  
Satengah katja . . . . f 12<sup>1</sup>/<sub>2</sub>, Saparapat katja. . . . . 7.50  
dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

#### Eusina P. S. No. 5

Pihatoer Redaksi . . . . . katja 65  
Neloeh. . . . . " 65  
Gondang . . . . . " 70  
Poesaka anoe toeroen-temoeroen " 73

#### Pihatoer Redaksi.

Dina pananggalan sasih ieu redaksi parantos ngintoenkeun postkwitantie, ka sadajana langganan anoe teu atjan maparin bajoeun Poesaka Soenda pikeun taoen doea, sakoemaha anoe parantos kapiandjoek kapoengkoer.  
Ka para djoeragan anoe parantos ngintenkeun postwissel, woeri-woeri nampi deui stkwitantie, taja sanès panoehoen redaksi

moeng moegi oelah djadi galih, rèh tangtos artos sareng kwitantie tèh paliwat di djalan.

Langganan anoe postkwitantienna moelang lèngoh, tawis nolas bibilasan, nja oerang pondok djodo pandjang baraja tèa baè, moeng sanget panoehoen, Poesaka Soendana kedah diwangsoelkeun deui, karoenja bilih èraeun ngalipek di popotongan.

Oendjoek noehoen ka para Djoeragan anoe parantos kátampi kintoenanana, moegi-moegi baè saladjengna lambat lamboet loeloes-bangloes oelah aja barèbèdanana, enggoning P. S. ngahadepan ka sadajana.

#### Neloeh.

Nadjan djaman parantos sakieu objagna, katjapangan koematjatjang dina alam kamadjoean, saketjap kadoea Eropa, tapi anoe pertjaja kana *wisaja*, ngandel kana *gawè*

*deungeun*, ngoekoeahan ajana *teloech*, nja kaè-tang rendah kènèh, kawas liwat ti patengah sareng anoe ngolèmbat manahna kana taha-joel kitoe tèh, nadjan di dajeh-dajeh ogè.

Di nagara sareng di patempatan anoe rèa pangbangbatkeunana kana henteu ka-toengkoel koe katahajoelan tèa, nja radjeun katingal bangsa oerang geus **aja** anoe ang-gang ti dinja. Nanging di sisi, paminggir pasiringan, keukeuh pageuh teu atjan aja obahna, roepina tina teleb anteb njerepna ka noe miboga, maneuh ngahidji reudjeung hiroepna, toeroen toemoeroen ti karoeoenna. Oepami koe oerang dioengkab dikotèktak oenggal tempat, tangtos engkè boeh-bèh kapendak naon anoe djadi ageman poepoe-djanna, boh djimatna boh adjianana anoe aja di oenggal imah, naon sesembahanana naon oedagan anoe djadi djoedoel pamak-soedanana di karèèaanana bangsa oerang.

Soegri adjian-adjian, djampè-djampé sareng pamakè, katimboelan kawedoekan, karong-kahan kagagahan, éta djadi anoe babakoe panjileukan djalma anoe kasengsrem koe kalahiran.

Toelak-bala, palakiah anoe djadi sarat-saratna, toembal-toembal pamoelangkeun, kapendak di oenggal tempat. Sapalih aja anoe ganti djinis djadi isim, dirèka mang roepa djimat, komo ari lapad-lapad noe diango papaès wedalan tina agama mah geus sanès tjarioskeuneun.

Geura saha anoe teu moeringkak boeloe poendoek oepami wengi-wengi ngadangoe aja sora **lok-lok gorèk-gorèk hingklik** sareng sadjabi ti éta, kapan dongkap ka rèang ti oenggal imah anoe mapatkeun parantjah:

„Oelah deukeut-deukeut ka dieu!”  
} Ka ditoe ka sabrang ka Palembang!  
} Di dieu mah boeboe di djoeroe, badong di kolong, saweuj di hateup.”

Eta taja lain ngan tina pertjaja jèn éta manoech anoe disada tèh, lain samanoek-manoekna, malah lamoen aja noe sarè nangkarak geuwat disangigirkeun, boedak leutik mah dipangkoe atawa diringkoekan koe indoengna.

Anoe dipikasieun taja lian kadjabi ti **gawè deungeun**.

Kadjadianana tina wisaja-wisaja, panan-dasana gawè deungeun tèa, nja éta paèh kadadak, oetah getih, boesoeng, ngalangia-

joeng gering-nangtoeng, owah, ngadjoebleg atawa ngatjaparak, bidjil getih tina saboeloe-boeloe sareng roepi-roepi kasakit anoe teu kaharti lantaranana.

Anoe pang dipakè ka gilana koe sadaja di oerang nja babakoena **teloech** tèa.

Èta èlmoe neloech, sanès moeng saroechi baè, aja teloech angin, aja teloech geni sareng sadjabi ti éta, sareng pada aja atoeranana Anoe parantos kakoeping baè kieu:

1. Eta toekang teloech ngoetahkeun heula eusi beuteungna, nembè ngadjadikeun *manoech*, atawa djadi dedemit anoe toempak manoech tèa.
2. Toekang teloech mapatkeun adjianana bari meleng pinggan bodas eusi tjai anoe dipakè ngeueuman peso. Engkè pésona leungit, sarta dimana béhna si peso datang deui, tjai tèa mangroepa getih, éta tanda anoe diteloechna geus paèh.

Sareng seueur-seueur deui.

Dina tjonto ka hidji katingali jèn toekang teloech tèh dina prakna ngalampahkeun kadjahatanana, mindah roepa djadi sato, bèn ten deui sareng dina tjonto ka doea.

Ieu kapertjajaan kieu, sanès di pakidoelan Pasoendan, (Bajah di Banten, Parigi, Pang-andaran) baè ajana, tapi di mana-mana. Di Djawa-tengah, Djawa-wetan, Bali, Soematra nja sami baè sareng di oerang, malah aja ogè anoe leuwih ti di dieu.

Koe margi èlmoe-èlmoena sareng tjoechtjroekanana paneloechan di Pasoendan teu atjan koempoel, teu atjan kagoear sadaja, ieu ajeuna diheulakenn èlmoe paneloechan di P. Bali, anoe djadi ageman djadi kaper-tjajaan oerang ditoe, anoe kénging ngotèktak Toean P. De Kat Angelino, anoe parantos didadar koe andjeunna dina Poestaka-mangsa Indische Taal-land en Volkenkunde djilid LX.

Kantenan pisan henteu gampil andjeunna iasa kénging djimat-djimatna isim-isimna sareng adjianana paneloechan téh, kawantoe éta téh ajeuna ogè koe oerang Bali masih diboeni-boeni dirasiahkeun kénéh pisan, nja teu bèn ten ti di oerang. Di Bali diseboetna toekang neloech téh: „**Lèak**”. Elmoena aja paririmbonna, ditoelisna dina daoen lontar, sarta koe tarékah éta toean, dongkap ka kénging paririmbonna. Dina sasih Desember taon 1920 aja toekang neloech anoe

dipaéhan koe koelawedetna lantaran geus ngamangsa (neloeh) teu koerang ti sapoeloeh djelema, barajana anoe dareukeut kénéh pisan, éta téh anoe kanjahoan baé. Moenggoeh di toekang neloeh mah geus teu pilih boeloe, teu njaho anak, teu njaho doeloer atawa indoeng bapa, ana koedoe dimangsa, nja habek-habek baé, da éta boga sipat teu tolih di ieu-ieu, geus teu njaho, teu aja kanjaah ka sanak koelawarga ari geus djadi toekang neloeh mah.

Ti éta toekang neloeh anoe dipaéhan téa, beunang deui daoen lontar paneloehanana, katoet djimatna. Ari anoe djadi tjitjirén djelema toekang neloeh, teu atjan aja anoe mastikeun pisan. Tjeuk sawaréh, tandana toekang neloeh, *boeboedakan panonna, tibalik, sirah ka handap*. Toekang neloeh tara neuleu beungeut ana njarita, sareng sadjabi ti éta. Oepami oerang di Bali hojong oeninga leres perkawis **lèak (neloeh)** téa, geura mangga papaj baé ka oerang dinjana, tangtos engké ngadangoe koemaha peta petana sareng koemaha pok-pokanana.

Tjarita-tjarita anoe nerangkeun ajana neloeh téa réa kabina-bina, nja sapertas di dieu baé, ngan ari di Bali mah dina prakna neloeh téh ngadjadikeun monjét, sanés djadi merak, djadi entog atanapi manoeek tjara di oerang. Eta tjariosanana tingali di pengker dilebetkeun deui.

Di Bali méh di oenggal désa aja toekang neloeh, gawéna taja lian ngan ngawisaja deungeun, maéhan sasama djelema. Eta ngalampahkeunana kitoe teh lian ti nganiaja téa, katambah djeung nga-djalankeun kawadjiban deui, lantaran sok kapapantjenan koedoe bakti njawa djelema ka Panoetanana (Poehitanana), noeroetkeun kapertjajaanana.

Ari manoetanana toekang neloeh téh ka Batari Doerga, sarta oenggal désa pada boga kokolot minangka loerahna djadi kapalana, anoe geus kapilih pangpoendjoelna, koe papada toekang neloeh deui

Oepama hajang djadi toekang neloeh, nja mimiti kedah tabah kana adjianana, apal amal-amalanana, toeloj poeasa tapa misah keun manéh ti djelema loba, di leuweung atawa di tempat anoe soeni, sarta taja lian ngan ngamalkeun adjianana téa sing goemoeloeng gilig atina oelah aja ngarantjaban, manteng ka panoetanana ngahidji

djeung anoe dipoehit téa. Engké dina kama nahna pameuli oerang, tinangtoe ka taékan, bakal djadi toekang neloeh, pinter kana élmoe kalahiran, geusan nandasa papada kaeola.

Di Bali mah tina biasa téa rea toekang-neloeh, nepi ka dina oendang-oendang (wét) Bali, aja artikelna geusan ngaunakeun hoe-koem paneloehan. Sapertos dina artikel 186 (wét) Bali, kacengel kieu :

Saha-saha anoe noelis ngaran batoer dina boéh, atawa dina lawon naon baé anoe sok dipaké boengkoes majit, nja kitoe deui ngagambar djelema koe tjeurét sarta atoeran noe teu pikahartieun dina boéh, anoe engkéna diroelang di astana, atawa digantoengkeun di loehoer kai, diteundeun di pamoedjaan, di djalan parapatan, éta djelema anoe migawé kitoe ditetepkeun boga dosa kana „ngeleak” (neloeh).

Njakitoe deui lamoen aja djelems anoe noeliskeun ngaran batoerna dina toelang djelema, dina tangkorék, toeloj diraratjikeun koe areng, getih, mangsoi, bawang bodas, djeung djaringao, sarta éta kabéh diroelang di sisi tjai, di pasètran, éta anoe boga gawé kitoe ditetepkeun boga dosa kana neloeh.

Soegri anoe boga dosa kitoe lamoen geus tètéla kasalahanana, koe radja dihoekoem pati, sarta anakna, intjoena, bodjona katoet djeung indoeng bapana diboeang ka nagara lian. Anak intjoena mah beunang dipaéhan tjara anoe boga dosa téa, sabab anak intjoena tangtoe bakal boga lampah djadi toekang neloeh, katoeroenan kolotna téa.

Tah doegi ka aja ringkoekna kitoe dina wétna ogé.

Ieu dihandap geura kaoeninga adjian-adjian anoe diserat dina daoen lontar téa anoe kapendak ti pamoedjaanana **Sang Poetoe Rangkep** (ngaran hidji djelema oerang Bali) toekang neloeh anoe katjeloek ka telenganana, oerang Panindjoan (Bangli), anoe dina taoen 1920 diparaéhan koe barajana pedah katjida teuing ngagaksakna.

I. Adjian paranti ngaroeksak djelema djeung sapangeusi lemboerna.

Ibâ manoesia, ibâ tjeurah tékén ira, ira kalagrahá hantoe Batari Doerga, ingateh wong njadmâ koemah ibâ teloeng dasa teloe praja nadah saisining paka-

rangan bané; atoerin dèwan banè matilar; jan t'warâ iba harep matlar wastoe ibâ toempoer tan pasésa, katadah dening wong njadma, poma, poma, poma, kaentat njadma.

Ari saratna kieu: Piring bodos II, kantèh, bèas, kembang sapatoe, daoen anoe semoe hideung. Bèas djeung daoen hideung tèa diképrètan heula tjai ti pamoedjaan, sarta toeloelj diawoerkeun di pakaranganana anoe rèk diwisaja tèa,

III. Adjian *pangalapan*, hartina adjian pikeun ngaroeksak hidji-hidjina bagian badanna anoe rék diteloeh tèa, sina boerak-rakan.

„Ong inggih Batawi Doerga, titiang noenas Si . . . . , (Ngaran anoe rèk diteloeh tèa). Si . . . . apanga mati, ereng dji, ereng dji, ereng dji, apan akoe tananâ dewâ, boeta tanana boeta, kala tanana kala, dengen tanana dengen, akoe amasang wong angeloepa kasanding woepti, kadjroning bowananè Si . . . . wastoe Si . . . . katadah dening boeta boeti, dètia dètia, pisatja pisatja, anadah djadjoanè Si . . ; wastoe si . . angerengreng tekèk djèng ong, mang, papoesoeanè, ang, atine si . . ah oengsilane, ong amproenè, teroes kadjadjahè, ka oewaté teloe, tas, tas, ang barbar hasanè, geseng kamané, greng lingsem limpanè si . . . . , katadah dening Hi Boeta kapingan, njom, njom, njom; pabrotas boekoe boekoenè kabeh, pedjah seka wilah, madidib sotjane, jan soeba teked katoelange ditoe pedjahang, njam, njag polone, belah tendase, adjoer sarirane, koening gine, tjiket boengoete, koekoel tangan soekoene, rimpoeng djedjaringane si . . . pedjah baboeahane si . . , njam njam, njam: pegat koeloengne si . . . . salah ring Batari Doerga, atoerang dewane matilar, dewa kamoelane matilar, bapa iboene matilar, matilar, sakeng matilar matilar, matilar. plak apisanan, plak apisanan, plak apisanan, ong khang, nreng nrong, bang, sang, ong; rowa binadane si . . . , pedjah, oh, ang, moelih maring tjambrâ goh moeka, anadi atining kawah sioe nawoen tan keneng soepat sioe nawoen bingé, tagelang lajahe, akoe anjepsep rahe si . . . . olih I Kala Soengsang asoengsang wong, jan ka-

tengoengang neh degmoe njoengsang tepoeng gare Si . . . . , loeboes srinane si . . . . , atmene si . . . . di tegal panagsaran pakarriajak, satoes akatoes satak teloeelas pada nangis sedih akoe angawe peteng dedet rijat rijoet, midjil Sanghiang Aratara, toemoeroen ka meretja pada, angadakaken te-toeg linoeh geger para hiang Nawasanga amateni si . . . . . katadah kala, pedjah si . . . . . ong, ang, eng, kjang, ong ang, bang, tang, hi, ja, nang, ma. sewrang, jang, ong dje, dje, dje. Adja wéra pingit akena.

Saratna: Tapak soekoena anoe rék dikaniaja koedoe ditjokot, toeloelj digoerat (diteolis) koe sihoeng andjing belang, asoepkeun kana roeas haer konéng maké bawang djahé, kakara ditjotjokan.

VII. Adjian pikeun ngabitoekeun genggerong djeung djadjantoeng, diseboetna Bikoel-lisah (Bikoel-minjak).

Rang, rang, ong, apan akoe i Bikoellisah; apan akoe lébléban Batara Iswara, amateni si . . . . karsajang noenas ring Batarane di Leboeh; Batarane di Leboeh loegra ring akoe apan akoe I Tikoes lisah anadaha koe tatoe mekah wit akoe nadah ngisor, tan ambahana ring sor sah akoe naring loehoer, ne sor loanadah, inambahana ring loehoer, sah akoe naring loehoer ring pagantoengan angkiane si . . . . akoe anadahanè waté njeleg, to pagantoengan angkiane si . . . . to pegatin ban i Bikoellisah, jan soeba toeloegtigang wengi, ditoe si . . . . pedjah, pedjah, pedjah, tanana tambanin ban balian poma, sang i Bikoellisah, adja hima anadah si . . . . poma, poma, poma, mandi, mandi, mandi, dje, dje, dje.

Adjian soepaja beungent batoer baroetjoet baritoe nepi ka djéér, ngaranna adji Tapel-poleng.

„Iti apan akoe i tapel poleng, toemoeroen ring indraloka, mairingan akoe sapranakan i tjalonarang, kabéh presama ring akoe amateni wongé si Anoe, jan i si Anoe katadah ten koe, asalin roepa i si Anoe ngang; tadah pipiné énéh, sotjana ditengen. prok i si Anoe njag asibak, patjalémpéng, katadah dening pranak i Tjalonarang djrong, djang, djrang.


Kadjabi ti adjian pikeun panganiaja, aja deui adjian pikeun panolakna, sangkan oerang oelah keuna koe wisaja deungeun,

nja éta  
Pasoepati  
Geni, au

Samén  
diteolis  
tina sad  
lawon be  
Kieu dji

Ari ad  
dwia  
sari  
W  
wak  
boe  
diaj  
pat  
sapi  
O  
tén  
dan  
tjak  
talo  
2.

Sarati  
kemban  
kieu:




Ieu  
„Ang  
d'wara  
nem, b  
sarweg  
gem. w

nja éta 1 Adji I. Geni Wirotja Gena. 2. Pasoepati Rentjana. 3 Weda Salambang Geni, anoe parantos kapendak.

1. I Geni Wirotja Gena.

Saméméh dipapatkeun djampéna, koedoe ditoeus heula isimna (nja éta memetanana tina sadjoemblahna éta djampe téa) dina lawon bodos dipaké beubeur didjieun angkin. Kieu djimatna:



Ari adjianana kieu oenina:


„Ong, Siwa, Boeddhá Krodante, dwiaksá remá haro dri, hawibaksé satroe sarigiem, sadrem ageni ratjanem.

Wisá mantra geni salokiem, roedré waksa sadâ siwem, rodra dat-kalat boediem wisá geni sangka ong karem, diajem d'wé para pantjanem, ageni pata jé angkarem, poerwa die bahni sapradjam.

Oèh, wah, tweektem, w'resiah kawaténg boewatoengtang; 'ah, woeh'adwé-dang langoe langit tjakem, tjakem, tjakem; walokrem boemi akasa, taloe, taloe, taloe.”

2. Sanghiang Pasoepati Retjana.

Saratna koedoe disoesoemping kalokop kembang sapatoe. Ari djimatna (isimna) kieu:



Ieu djampéna anoe koedoe dipapatkeun.


„Ang, rang griwartja bowaniem, sared'wé d'wara sadrarem. p'rajoentem roga sabwanem, basmi roga niésa pradjem, swatiem sarwegra sapoerem, pawaniem baksa sarogem. wigena samastoe sapoernem pasoepa-

tia sarwa ratjanem; sanggranem paresoenratem, wisapem, prama siwem, sarwa hila hilajang karem, sarwa déwa weda pragem; 'éh, 'ah, hri, ang, ér, ér, ér; ing, ing, ing; éh; erèng, erèng, erèng.”

3. Salambang Geni.

Saratna koedoe disoesoemping koe boros eurih.

Djimatna kieu:



Adjianana kieu oengelna:

„Ong, prenawe baskara déwa, soeria astawa trilotjanem, poedja astawa soebar tjanem, resi salokiem wong karem; pradja astawa maha sakti, sawogrem palawian sarem, pranidiéng prad ja sawanrem, tri poedja wansiam patalem; waredra lawian-sarantja, baskorodra wresiéng karem, agni-djala-nereténg pradjam, weda poeraga sabwanem; h'roetang wrekah, woeh, wah, moeladjitmas, tregoeng boemiga lombawatiem, wiar, wiar, wiar; h'ri wroeng kah grigah, grigoeh, é, é, é.”

Kadjabi ti adjian-adjian anoe kasebat bieu, seueur kénéh anoe sanes, anoe teu dilebetkeun, sapertos adjian paranti prakna neloeh rék ngaganti woedjoed djadi monjet, dj.s.t. nja éta da sanés keur diadjar kana paneloehan, ieu mah moeng sakadar soepados kaoeniga koe sadaja baé.

Kadjabi ti éta disoehoenkeun ka para Djoe-ragan anoe oeninga, soepados kersa maparin pitoeloeng ngempelkeun katrangan-katrangan sakalian sareng adjian-adjianana sarat-saratna toembal-toembalna élmoe paneloehan di Pasoendan oerang simpen dina Poesaka-Soenda.

Ieu dihandap diwoewoehan koe tjariosan-tjariosan anoe parantos ilahar kadangoe atanapi kapendak di oerang, kieu oengelna:

1. Aja hidji djelema ngaranna Sastra, boga hoema nenggang tengah leuweung. Dina hidji wengi sabot manéhna toenggoe hoema dina ranggon, bari nganjam tamba toendoeh, damarna kandaj (linting geutah), bet pating poeringkak boeloe poendoek, oeroet tadi rada loeng-leng toendoeh téh,

djadi tjénghar deui, sarta meraketkeun manéh tjandeloeok digawé, moal morongkol atawa ngagèlèhè. Teu lila manèhna ngadèngè sora monoek **lelegot**, doea patèmbalan; „*koet-kot, koet-kot, koet-kot.*” Barang diteges-teges tètèla beuki deukeut beuki deukeut, sarta teu lila geoproek aja anoe ngagaproek dina hateup ranggon.

Sastra tjoeringhak sarta tjaringtjing takitaki, sabab sèdjén rarasaan, sarta geus teg jén éta manoeok téh lain samanoek-manoeokna.

Teu lila goeloeboer manoeok lelegot anoe doea téh hiber ka djero ranggon, rék njamber ka Sastra. Teu antaparrah deui ngan gabroeg baé koe Sastra manoeok anoe doea téh dirontok, sarta barang ditegeskeun tètèla lelegot sadjodó.

Barang geus beunang mah soep waé kana kodja, toeloej dipangrod diteundeun di djeroe, pes damar dipareuman, doeg baé manèhna mah ngedeng dikarimboen koe saroengna, tina ngarasa sieun teu aja babandinganana.

Kakara lelejapan bet ngèng manèhna ngadéngé anoe tjelak-tjeloeok di handap, pokna:

„Aja anoe boga saoeng, ranggon saha ieu téh?”

Sastra ngadedempés baé teu némbalan.

Bet kalatjat baé éta anoe gegeroan tèh naék kana ranggon, toempa-tempo soesoersasar, bari ngomong: „Saha ieu noe boga saoeng téh, ieu téh ranggon eusi atawa kosong?”

Sastra ngoelisik bari nanja: „Saha éta?” Témbalna: „Koering, tjing seungeut heula damarna!”

Barang geus tjaang gék ki sémah dioek sidengdang, teu lila pok ngomong: „Poegoeh koering téh keur moro, tapi leungiteun, tètèla naker ka lebah dieu mantingna, tapi ti dieu les teu kadéngé ka mana losna. Tjing soegan sampéan manggihan andjing koering, ka mana bieu losna?”

Tjeuk Sastra: „Koering mah teu kasaba koe andjing, teu ngadéngésara-sorana atjan!”

Tjeuk ki Sémah: „Hih poegoeh tètèla ka dieu soepna. Tjing leupaskeun deui waé andjing koering keur dipaké moro, toeroeg-toeroeg andjing poereut naker!”

Témbal Sastra: „Teu aja andjing ka dieu mah, aja ogé tadi *lelegot* doea!”

Tjeuk Semah: „Nja éta, éta, andjing téh, di mana ajauna?”

Tjeuk Sastra: Ké lanan, rék nanja heula, ari sampéan saha, djeung oerang mana, bet njaritakeun keur moro wajah kiwari, rada teu pati kaharti.”

Témbal Sémah: „Lamoen andjing baris kamilik deui koe koering, mangga koering waktja. sarta boeka rasiah!”

Tjeuk Sastra: Oelah salempang, andjing tangtoe koe kaola dipoelangkeun deui.

Pok sémah téh njarita: Bisi manéh teu njaho nja koela ratoe neloe ti Galoenggoeng téh, ngaran kaola **Sangkalawidjaja**, ari éta andjing noe doea téh kameumeut tina poeroegna, ngaranna noe djaloe **Sangkatatang**, anoe bikang **Sangkatéténg**. Ajeuna ka dieukeun baé éta andjing téh, sarta manéh djeung satoeroen-toeroenan maneh moal diganggoe koe kaola, sok moen geuwat bae njambat ngaran kaola djeung seboet ngaranna eta andjing anoe doea, lamoen kadenge sorana teh. Djadi kieu nja pipokeun andika teh:

„*Sangkatatang, Sangkatéténg andjing Sangkalawidjaja, oelah hiri dengki djail kaniaja ka aing, ngaran aing Sastra.*”

## Gondang kènging

### A. Gandaprawira

*Samboengan P. S. No. 4.*

Dalang:

1. „Djeroek paséh pipir balé, oelam paeut iwoeng bitoeng.”

Noe njaoeran:

„Noe kasép tjalik di balé, baeu disaoer ka lisoeng.”

Dalang:

2. „Sampelar paseuk boengboeling, ditjampoeran koe tambaga.”

Noe njaoeran:

„Sing kelar ka boedak jatim, gandjaran di sawarèga.”

Dalang:

3. „Pepéloeng hibér ka sawen, ngalajang ka daramaga.”

Noe njaoeran:

„Sing toeloeng ka noe kaloewen, sampeureun di sawarèga.”

Dalang:

4. „Kémbang tjangkoedoe bareukah, pagoeloeng djeung daoen tépoes.”

Noe njaoeran:

2 { „Hiroep koedoe amal sidkah,  
masing toeloeng ka noe poepoes.”

Dalang:

5. „Kembang tjangkoedoe bareukah,  
diteundeun di têngah imah.”

Noe njaoeran:

2 { „Hiroep koedoe amal sidkah,  
sampeureun di Jomalkjamah.”

Dalang:

6. „Mélak salasih di pasir,  
ngarambat kana kadaka,  
ngaroendaj kana tjampaka.”

Noe njaoeran:

1 { „Kadjeun teu kawin di lahir,  
soepaja di kawin djaga,  
poentanganeun di naraka.”

Dalang:

7. „Ngangeun iwoeng saparioek,  
samara bawang sasihoeng.”

Noe njaoeran:

2 { „Oelah moengpang ka piwoeroek,  
djagana tiwoen kadoehoeng.”

Dalang:

8. „Ninoen boèh pakan noenda,  
adjoer soeri djeung taropong.”

Noe njaoeran:

2 { Anoe paéh taja banda,  
kantoen diri ngadjolopong.”

Djaba ti ieu loba deui sisindiranana bangsa kitoe, kawasna moen dilébètkeun sadajana mah njèèpkeun tempat, toer teu sabaraha anèhna, da biasa baè sisindiran noe ilahar. Ngagondang kieu téh tampolana doegi ka 9 atanapi 10 djam, tajohna eta awéwé-awéwé téh hilap di kakésél atanapi di katjape tina katoengkoelkeun koe karésép, da boektina saroepe noe teu aja bosèna, soemawontèn katjapé mah kawas sama sakali teu diraos, toer dina salébèt sakitoe lamina téh teu eureun ngagetroekkeun haloe. Papakéanana ogé dina noe sakitoe matak merang téh makekeun mararidang, „samping weuteuh, badjoe weuteuh, soemawontèn ari bangsa randa atanapi landjang (anoe lalagas), leuh sanés deui baé, margi ngarah aja noe njerangkeun, da noe laladjona téh awéwé lalaki, nja kaseuseuranana mah lalaki lagas, malah sering kadjadian noe kenging djodo tina keur ngagondang,

lèbah dieuna mah rada mirip-mirip kana pèrkawis djaringan di Tjihaoer (Tjirèbon).

Sawangsoelna ti lisoeng noe ngagaron-dang teh lébèt ka rorompok noe gadoeh alpoekah, saparantos beas noe kenging bieu di-ka-goahkeun, tjeuk oerang Tjibaregbe mah ditètèpkeun, nganggo dikoekoesan saganala koe Dalang; pek ngariceng hadjat koe pat tang-tang-angin, roedjak sarèng saroepe ning deungeun ngopi bala ketjrahan semoe nimateun pisan; sasalsèna ngaropi mah lèos bae warangsoel ka sarorompok-rorompokna. Nja kadjadian moen randa mah sarèng parèng aja milik wangsoelna tèh di anteurkeun koe lalaki noe lagas tea, moen teu aja pambèngan doegi ka tèrasna ngadjodo.

Katjatoerkeun beas parè noe pangpajoena ditoetoe dikintèn 4 atanapi 5 doegél, teras dianggo loeloegoe, moen ladjeng didodol diangleng teh doegi ka toetoepe hadjat teu kènging ditèda, dina kapèrtjantenanana, èta mah hatoeran Nji Pohatji, djalaran Nji Pohatji salamina hadjat aja didinja noenggoean, djadi teu kenging èlat pamasangan, ari moelihna saparantos toetoepe (lèkasan), lamoen ditèda teh matak kabadi lantaran dibèndoean koe Nji Sri.

Eta noe ngagaron-dang teh teu diboeroehan sapèsèr bèngoe, èstoe damèl Kèrna Allah, ngan oekoer disoegoeh ngopi baè, malak sawarèh mah teu dititah-titah atjan koe noe bogana, miloena ngagondang tèh ngan tina koe rèsèp baè, pangintèn sapèrtos para nonoman kana maèn bal.

Noe ditoetoe bieu di loehoer èta atoeran Gondang Asmaragama, doepi noe disébat gondang biasa mah teu nganggo pantjarakèn atanapi djampè naon naon, ngan gedoe baè noetoe, pètana dilisoeng sapèrtos tadi noe parantos ditjaroskeun.

Doepi ngawihna kieu:

Sanggèm dalang:

„Ngala soepa di Djoemaah,  
ditalian koe sampora.”

Tèmbal noe njasaran:

2 { „Neda soeka neda maap,  
koering arek amit njora.

Dalang:

„Djoeragan noe ngadjoel djeroek,  
koering anoe ngadengdeng.”

TI nos 71

Noe njaoeran:  
 2 { „Djoeragan oelah rék giroek,  
 koering anoe ngagandèngan.”  
 Dalang:  
 „Kikis ngelir kandang djaga,  
 nja pager ka leuweung - leuweung.”  
 Noe njaoeran:  
 2 { „Boga pikir montong djaga,  
 djaga mah koe deungeun-deungeun.”  
 Dalang:  
 „Handjakal koe angka liat.  
 daoen toeri dipiringan.”  
 Noe njaoeran:  
 2 { „Handjakal koe noe ngaliwat,  
 hajang tjèurik goegoelingan.”  
 Dalang:  
 „Poetjoek kawoeng di Galoenggoeng,  
 poetjoek kalapa di peuntas.”  
 Noe njaoeran:  
 2 { „Saha noe ditioeng saroeng.”  
 pantes diraksoekan bodas.”  
 Dalang:  
 „Handjakal koe angka liat,  
 hajang leuleuweungan waè,  
 ajeuna katoentjar hideung.”  
 Noe njaoeran:  
 3 { „Handjakal koe noe ngaliwat,  
 hajang reureudjeungan waè,  
 ajeuna patoeraj tineung.”  
 Dalang:  
 „Samping hideung dina bilik,  
 koema ditoeherkeunana.”  
 Noe njaoeran:  
 { „Koering nineung ka noe balik.  
 koema ditoeherkeunana.”  
 Dalang:  
 „Ka mana si kalong hideung,  
 manting deui manting deui,  
 hadé teu sono ka kédjo.”  
 Noe njaoeran:  
 3 { Ka mana si djangkoeng hideung,  
 meuting deui meuting deui,  
 hadé teu sono ka bodjo.”  
 Dalang:  
 „Kopo tjondong di Tjirébon,  
 kidang mandjang di Tjitapén,  
 leumpangna minggir basisir.”  
 Noe njaoeran:  
 3 { „Lain nonggong koe teu bogoh,  
 lain noekang koe teu hajang,  
 tatjan sawawi djeung pikir.”

Dalang:  
 „Merak rambaj di Pakoean,  
 toetoenggangan widadari,  
 moending tiloe hiroep deui.”  
 Noe njaoeran:  
 3 { „Midangdam hentéu karoehan,  
 rék tjeurik ka teu teu ari,  
 seubeuh hiroep nimoe deui.”  
 Dalang:  
 „Barakbak bentang baranang,  
 ti peuting ka langit deui.”  
 Noe njaoeran:  
 „Baranang randa ti beurang.  
 ti peuting ka kami deui.”  
 Dalang:  
 „Ti peuting samping geresik,  
 ti beurang toempal bandèra.”  
 Noe njaoeran:  
 „Ti peuting pagiling gisik,  
 ti beurang kapanggih éra.”  
 Dalang:  
 „Djaksi belang djaksi hideung,  
 pandan laeet koekoentjoengan.”  
 Noe njaoeran:  
 „Montong melang montong nineung,  
 oerang imoet panoengtoengan.”  
 Dalang:  
 „Oraj welang oraj hideung,  
 oraj santja nali wangsa.”  
 Noe njaoeran:  
 „Oelah melang oelah nineung,  
 oerang kawin di Salasa.”  
 Dalang:  
 „Handjakal koe tjikalapa,  
 dipitjeun ka tjiwaloengan.”  
 Noe njaoeran:  
 „Handjakal koe anak bapa,  
 dibikeun ka noe rajoengan.”  
 Dalang:  
 „Handjakal koe toenda djambé,  
 boeroek deui boeroek deui,  
 kadoehoeng teu ditjangtjian.”  
 Noe njaoeran:  
 3 { „Handjakal koe beunang hade,  
 boeroeng deui boeroeng deui,  
 kadoehoeng teu didjangdjian.”  
 Dalang:  
 „Boboko di Goenoeng Toempang,  
 oerang téang djara deui,  
 oerang talikeun sakali.”

3 { oer  
 oer  
 tja  
 saj  
 3 { mo  
 c  
 r  
 nja  
 k  
 3 { ari  
 e  
 titi  
 s  
 3 { boe  
 s  
 F  
 tjel  
 nja  
 ti l  
 t  
 3 { ma  
 c  
 par  
 era  
 ka



Noe njaeran:

③ { „Kabogoh alam katoekang,  
oerang téang landja deui,  
oerang djadikeun sakali.”

Dalang:

Saroeng kampoeh djoeroe toedjoeh,  
tjarétjét djoeroe salawè,  
sapoetangan djoeroe lima.”

Noe njaeran:

③ { „Ari émboeng masing poegoeh,  
moen daék oelah talangké,  
dipoentangan sing tarima.”

Dalang:

„Nja koekoek ngalamak tjaoe,  
nja lopang ngarambat anggag  
konéng moegoeran koe maneh.”

Noe njaeran:

③ { „Ari oendoer masing djaoeh,  
ari leumpang mangka anggag,  
goreng mah moendoeran maneh.”

Dalang:

„Tikoekoer tiloe diadoe,  
titiran doea disada,  
sahidji boeloe manintin,”

Noe njaeran:

③ { „Boedjang tiloe noe diacoe,  
boedjang doea noe dibawa,  
sahidji dibawa meuting.”

Dalang:

Pare beureum rampak beukah,  
tjelétoe di poepoehoenan.”

Noe njaeran:

„Beubeureuh kasampak njeupah,  
nja imoet dikarimboenan.

Dalang:

{ „Isoek-isoek ngala soesoeh,  
ti beurang ngala bandawa,  
tjatang kole beres wae.”

Noe njaeran:

③ { „Isoek isoek datang njoeoh,  
maranan teu barang bawa,  
datang mah njangkere bae.”

Dalang:

„Meuleuman soesoeh di lisoeng,  
pantjarna tamiang ngora.”

Noe njaeran:

„Oelah roesoeh diboeberoeng,  
era koe sasama ngora.”

Dalang:

„Ngala kopi golondongan,  
ka kaler ka koedang deui.”

Noe njaeran:

„Papanggih djeung popotongan,  
geus palèr kahoedang deui.”

Dalang:

„Pipiti dikoerah-koerah,  
dipitjeun ka tjiwaloengan.”

Noe njaeran:

„Nja pipi dimoerah-moerah,  
dibikeun ka noe rajoengan.”

Dalang:

„Babakaoer dina kasoer,  
darengdeng dina lawajan.”

Noe njaeran:

„Teu kaoer balas disaoer,  
boga sendèng panakawan.”

Dalang:

„Ngala soepa di Djoemaäh,  
diwadahan na tetenong.”

Noe njaeran:

„Neda soeka neda maáp,  
oeroet koering loba omong.

Djeung seueur deui sisindiran bangsa kitoe.  
Ngagondang kieu mah teu koedoe di noe  
rék hadjat, saha bae anoe niat; waktoena  
seseringna ti peuting.

**Poesaka anoe toeroen-  
toemoeroen.**

Pamali

Anoe diséboet *poesaka* koe oerang Soenda nja eta *barang titinggal* ti kolotna, sa-perti kérés atawa badi djeung noe saroeapa kitoe. Lamoen aja noe njéboet barang poesaka, noe ngadenge sok njangka jen eta barang teh aja kasiatna, malah galibna mah poesaka teh sok toeloej didjieun djimat atawa kaboejoetan. Ka beh-dieu-nakeun sawah kébon oge diséboet poesa-ka. Ngan kana doeit tatjan aja noe wani njéboet tëh. Tapi lamoen noeroetkeun kana asalna basa mah, saniskara titinggal kolot oge beunang bae diéboet poesa-ka.

Poesaka noe mana anoe panghadena, noe pangawetna?

Meureun aja oge noe njéboetkeun barang noe aja kasiatna tea anoe panghadena teh, sabab beunang dialap barékahna djeung bisa noelak balai deui.

Tjeuk sawareh meureun: „Ari loba mah nja eta banda, anoe mangpaat teh.”

Pasal ieu koe kaoela henteu rek dipandjangkeun, koemaha manahan noe ngararos bae. Ngan kaoela rek nerangkeun jen saenja-enjana aja deui poesaka anoe leuwih aloes sarta leuwih awet manan noe doea tadi, ieu mah teu keuna koe tjambal djeung teu keuna koe beak, toeroeg-toeroeg mangpaatna leuwih gede manan noe tadi tea.

Biasana noe sok meunang poesaka djimat djeung banda teh ngan anak intjoe noe baleunghar djeung anoe motah pikiran kana kaleuwihan dirina bae, tapi poesaka anoe dimaksoed koe kaoela mah, sarerea oge pada meunang, dapon daek moeloenga nana djeung ngarasanana. Lamoen dirasanan enja-enja, leuwih matih manan keris beunang neupa tanggal 14 boelan Mocloed, leuwih mapahat manan sawah saratoes baee, leuwih mandjoer manan djampe asihan-kinasihan, kawedoe kan kadja jaan.

Naon atoe eta teh?

Eta aja doea roepa: 1. Omongan pepeling atawa piloeangeun, 2 paribasa. Ari omongan pepeling teh nja eta omongan biasa bae, tapi geus tetep koedoe kitoe diomongkeunana sarta geus djadi katjapangan sarerea, maksoedna pikeun mepeligen atawa soepaja djadi loeang ka sarerea, jen lampah teh koedoe kitoe atawa oelah sok kitoe. Omongan anoe kitoe saenja-enjana tatjan aja ngaranna di oerang mah, ngan sok diseboet „saoer sepoeh” bae. Ajeuna koe kaoela rek dingaranan bae basa (omongan) pepeling, basa (omongan) piloeangeun atawa paomongan kolot, pondokna paomongan, mana noe ngeunah dipake. (1)

Tjontona:

Tjeuk kolot: „ari djadi djeléma koedoe tjageur bageur, soepaja oelah pinanggih djeung rara wirang”.

Koe ieu omongan tetela pisan jen kolot teh ka oerang nitah ngadjaga diri, soepaja oelah manggih, rara djeung wirang. Ari rara tea aja doea, rara badan tegesna ge-

(1) Timbangan koering mah leuwih hade tetep diseboet: saoer sepoeh at. katjapangan S.d.R.)

ringan djeung rara ati, hartina loba kasoelah. Demi tarekahna nja eta koedoe tjageur bageur. Nadjan eta omongan ngan doea ketjap, tapi pihartieunana pandjang. Tah kitoe adat kolot mah, sok ninggalan omongan anoe pararondok, pikiraneun, djeung lamoen koe oerang di pikir sarta dilampahkeun, katjida pisan mangpaatna. Kolot-kolot njarieunna omongan kitoe teh, lamoen koe oerang dipikir sarta dilampahkeun, katjida pisan mangpaatna. Kolot-kolot njarieunna omongan kitoe teh, woengkoel anoe geus kaparanggih temahna bae, diseboetna loeang, boh temahna hade, boh goreng.

Alam ajeuna aja oge paomongan kolot anoe geus teu beunang dipake atawa geus teu sakoemaha pedahna, lantaran geus sedjen djaman, sedjen adat, tapi nja eta atoe ari saoer sepoeh mah, dawoehan Kg. Pangeran Soemédang mah, sok piring djati doelang Leah, tinggaleun kari waasna; sakoemaha teu perloena oge, sok kapanggih bae sakapeung-kapeungeun mangpaatna; anoe matak koe oerang leuwih hade poeloengan bae, bisi pareng kasarando.

Misilna: „*oelah leumpang sasamajan, oelah barang beuli papatoengan.*”

Moenggoeh koe moerangkali ajeuna mah eta paomongan sok diharampas pisan, basana:

„Matak naon sasamajan oge, dapon pada boga erlodji noe benér bae. Oepama oerang rek njaba djaoeh, djangdji bae djeung batoer teh, mangke papanggih di statsion, kareta api poekoel saanoé. Ari koedoe silih sampeur ka imah mah atoe belot, atawa soelah.”

Enja eta teh benér katjida, tapi sakapeung-kapeungeun sok kaboektian bae temahna noe goreng teh. Tjontona: Tatjan sabaraha lawasna kaoela rek njaba rada djaoeh oge. Pek sasadiaan papakean djeung keur kikiriman. Barang geus sadia, nitah ka boedjang mawa eta barang-barang kana sado di djalan gede, da imah kaoela rada djaoeh ti djalan Demi sasari-na kaoela ari kana kakar teh sok ti djalan kalereun imah atawa sakidoeleunana. Harita sidik pisan kaoela nitah teh koedoe ka djalan kidoel, ari djol teh kaoela ka djalan ki-

doel bët djëlëma teh euweuh Taksiran ka-  
oela geus toeloej ka statsion. Barang di-  
soesoel ka dinja bët euweuh deui. Toeroeg-  
toeroeg kareta api geus tereh indit. Atoeh  
kaoela teh ngan heong bae njaba make  
papakean sarakët diawak, sakitoe koedoe  
mondok doea penting. Ari rek teu toe-  
loes dina kareta api eta, rek neangan heula  
boedak, meureun beak waktoe. Tjoba la-  
moen teu sasamajan mah moal kitoe.

Soemawonna omongan *oelah barang  
beuli papatoengan* koe djëlëma ajeuna  
geus diparojok bae, pokna „kolot mah teu  
bisa noelis, teu bisangitoeng”. Enja be-  
nër, tapi geura tampolana mah sok aja  
bae kedjadianana.

Koe sabab ningal sakitoe mangpaatna,  
eta paomongan kolot anoe karitoe tea,  
koe kaoela rek dikoempoelkeun dina P.  
soepaja diarapalkeun koe noe aranom. Poe-  
goeh ari elmoe-elmoe noe loeloehoer mah  
geus aja pirang-pirang dina boekoc-boe-  
koe basa Walanda, tapi, loeang-loeang anoe  
sok kapanggih sapopoë mah di oerang,  
nja eta pikeun obor keur njaangan djalan  
tintjakeun, meureun teu aja.

Djaba ti kitoe nja eta soepaja basa-ba-  
sa noe karitoe tea oelah nëpi ka leungit,  
da poesaka ti karochoen oerang, poesaka  
anoe toeroen-toemoeroen.

Samemeh koering noeloejkeun poesaka ti  
karochoen anoe djadi *paribasa, babasan*  
djeung *katjapangan* sakoemaha anoe geus  
ditjaritakeun ti heula, ajeuna rek njim-  
pang heula kana djalan simpangan anoe  
diséboet *kapamalian*, sabab eta oge toeng-  
gal keneh poesaka, maksoedna noe ningga-  
lan, soepaja dilalampahkeun, koe anak in-  
tjoena pikeun njar djalan kasalametan.  
Wondening anak intjoe teu nareroet  
lantaran geus baroga deui elmoe anoe leu-  
wih hade, nja teu naon-naon, dapon sala-  
mët bae. Tapi moenggoeh koe noe berakal,  
sanadjan teu rek dipake oge — moen teu  
rek dipake tea mah — koedoe bae dikanja-  
hokeun tanda asih ka noe ninggalan.

Ketjap *pamali* geus diterangkeun dina  
boekoe „bab adat-adat”, karangan djoera-  
gan Hoofdpanghoeloe Bandoeng katja 167,  
jen *pamali* teh asalna *pamalik*, hartina  
*paranti malik*, tégësna sagala noe dikoe-

doekeun dipantang, sebab pamali, djaga  
moal dipantang koe noe geus malik atina,  
asal sieunan djadi loedeungan.

Kahartina koe koering noeroetkeun eta  
omongan, saha-saha noe geus matik atina  
tina kadoenjaan, woengkoel njangareup,  
madép ka Noe Kawasa bae, geus teu aja  
kapamalina.

Tapi ari pamëndak koering mah djoe-  
djoetanana *ketjap pamali* teh noeroetkeun  
woordenboek djeung kagaliban makena,  
kieu.

Këtjap *pamali* teh dipake koe Soenda.  
dipake koe Malajoe, karëpna saroea, ngan  
beda saeutik bae, ari hartina nja eta:

Sagala kalakoean anoe sok aja matakna  
teu ngeunah di ahir. Saperti:

*Noe reuneuh oelah sok sare ti beurang,  
matak kikiheun anak.*

*Noe reuneuh oelah sok dioek dina batoe,  
matak leuleumeungeun anak.*

*Oelah neunggeul koe sapoe, matak loem-  
poe.*

*Oelah sok njeboet ngaran kolot matak  
hapa hoei dj. s.t.*

Dina hikajat Hang Toeah, katja 98,  
aja omongan kieu:

Maka toen Kastoeri poen tahoelah akan  
Laksamana berchalwat itoe, sebab mem-  
boenoeh si Djebat, *pamali*, orang tjelaka  
itoe.

Demi asal këtjapna *pamali* teh tina *pa-  
li* (lain *malik*), make rarangken pa, sa-  
perti: *peupeuh* djadi *pameupeuh*.

Këtjap *pali* asalna basa Kawi, dipake  
keneh dina basa Djawa, hartina: *Pakem*  
atawa *paoegeran*.

Djadi *pali* teh beunang diseboet koe  
oerang *oegeran* atawa *wet*.

Tina këtjap *pali* oerang Djawa njieun  
këtjap roendajan *papali*, nja eta diradjek  
sorana noe mimiti. Tjaritana noe njieun ke-  
tjap *papali* teh Ki Agëng Sela,, hartina  
sagala tjégahan anoe oelah dilampah-  
keun koe djëlëma (lain koe boedak bae),  
sabab aja matakna. Aja hidji wawatjan  
anoe ngaranna *papali*, nja eta njaritakeun  
sagala piwoeroekna Ki Agëng Sela tea.  
Mimitina eta wawatjan poepoeh:

Dangdanggoela.

Ki Ageng Sela ing kang winarni, lagya

pinarak aneng hing langgar, ingadép poetra wajahe, Ki Agéng apitoetoer, marang poetra wajahe sami, lah botjah soen pepojan, marang sira ikoe, kabeh pada piarsakna, toetoer ingsoen doedoe papan doedoe toelis papali aranira.

Pepali ikoe hapan berkati, toer selanet sarto koearasan, pepali ikoe mangkene, hadja anggawe angkoe, hadja ladak lan hadja djahil, hadja ati soerakah, lan hadja tjeimoet, lan hadja goeroe aleman, hadja ladak wong ladak egelis mati, lan hadja manah ngiwa (1)

Lamoen koe oerang diawas-awas tete-la pisan jen këtjap *pamali* di Soenda djeung di Malajoe, djeung këtjap *papali* di Djawa, saroea bae, da poegoeh eta tiloe basa teh doeloerna, nja eta sagala kalakoean, larangan kolot atawa iarangan agama, doenteh aja matakna. Ngan bedana: dina pamali Soenda noe djadi sababna teh teu kaharti koe akal, tjek basa Walanda tea mah *bijgeioof* atawa tjek oerangna mah *pabidahan*, demi pamali Malajoe djeung papali Djawa kaharti koe akal pimatakeunana, tegesna enja eta teh kalakoean goreng, boh goreng djalan aherat, boh djalan doenja. Nja kitoe demi asal këtjapna kabeh tina *pali*, ngan bedana: *pamali* dirarangkenan *pa*, ari *papali* diradjek sorana noe mimiti, karépna saroea bae, tjara *panëpak* djeung *tëtëpak*.

Naon sababna anoe matak pamali Soenda ngan kanan pabidahan bae?

Sabab ari kana tjégahan agama mah biasana tara diséboet *pamali*, sok *doraka*, saperti: *oelah ngoenghak ka indoeng ka bapa, doraka*. Tangtoe ingetanana noe ngadenge teh bakal meunang siksaan di aherat.

Ari *pamali* matakna sok kapanggih di doenja keneh. Misilna: *Oelah ngalong dina panto, pamali, matak nongtot djodo*.

Ajeuna hajoe oerang tjoektjroek, naon sababna noe matak di Soenda aja *kapamalian*.

Ari saer para boedjangga nonoman mah, sakabeh sabab-sabab atawa matak-matak anoe diséboetkeun koe karoehoen tea, woengkoel sabab *bodo* bae, atawa dja-

lanan *hawék*, tapi andjeunna teh, ari pertjantén mah, pertjanten, jen eta kalakoean teh, teu hade, loeloej diteangan sababna, ditérangkeun koe sabab anoe matak kaharti, beunang ngira-ngira Tjontona:

*Oelah sok njatoe tjaoe sisina, matak kasingsal.*

Saoer boedjangga nonoman: Tjaoe sisina teh sok panggédena, ingkeun keur kolot".

Djadi lébah dinja kolot teh *hawék*.

Aja deui noe njarita: „Lamoen tjaoe sisina didahar koe boedak, moal beak, tina kagédanana; sesana didahar koe kolot, roedjit, dipitjeun, lébar".

Lébah dinja, lamoen beak mah djigana teu matak pamali. Padahal ari kolot mah beak teu beak oge, pamali bae. Djeung deui larangan teh lain ka boedak bae, sa-koer djeléma anoe bakal keneh mah, koe-doe pantang bae, sanadjan manehna sanggoep meakkeun tjaoe sisina tiloe oge.

*Oelah sok dahar oeteuk, matak tereh hoeisan.*

Disangkana koe noe aranom, ari oeteuk teh oedoeh, kadaharan kolot. Ingkeun keur kolot, oelah disoro koe boedak.

*Oelah oelin sareupna, matak dirawoe kelong.*

Ari saer boedjangga ajeuna mah:

- a. matak kotokeun, saba paningalna tatjan koeat;
- b. matak elat sare, djadi goreng kana kawarasan;
- c. matak tjilaka: kapireungpeunan, katjoegak dj. s. t.

*Oelah niep damar, matak peteng ati.*

Saoerna: „Lain matak pëtëng ati, tapi bisi damar ngagebos matak kahoerocan djeung oepama lampoe ditioep, haseupna sok ngéboel, matak goreng kana kawarasan.

Tah kitoe oenggal kapamalian ditérangkeun koe noe matak kaharti.

Bèner katjida sarta aloes!!

Tapi taksiran ari kolot-kolot mah noe mimiti njeun kapamalian, lain kitoe maksoedna, da elmoena tatjan nepi kana natuurkunde, kana hygiëne. Lamoen koe oerang disangka, kolot teh ahli hawék, ha-jang seubeuh sorangan, émboeng disoro

(1) Tina tijdschrift „Worodarmo" No. 11 tah. I

koe anak, eta oge tatjan poegoeh, taja be-  
djana kolot oerang ahli koret.

Na koemaha atoech?

Ari tjeck taksiran koering mah datang-  
na eta kapamalian tina lima djalan:

I. Tina *kapertjajaan*, boh lantaran  
agama, boh kapertjajaan anoe sedjen, ti-  
tinggal ti karoehoen djaman baheula, anoe  
diséboet *animisme* tea, atawa pertjaja ka  
djoerig-djoerig.

Aja hidji kapertjajaan anoe mindeng pi-  
san kapakena dina kapamalian, nja eta:  
*noeroet boeat*. Eta kapertjajaan nepi ka  
ajeuna masih pageuh keneh pisan napelna  
dina ati djeléma. Tatjan sakoemaha lawas-  
na di Bandoeng aja hidji menak, pohara  
résépna ngoeseup, ari geureuhana keur bo-  
bot. Barang babar, poetrana soewing. Ana  
gér teh kolot-kolot anoe ahli kana kapa-  
malian: „Tah, da bongan résép teuing  
ngoeseup, noeroet boeat, poetrana soewing.  
da tangtoe aja laeok rawing biwirna koe  
oeseup”.

Lamoen noe aranom ningali lampahna  
kolot-kolot dina waktos aja boedak laboeh  
titoetoeg kana taneuh atawa kana batoe,  
tangtoe garoemoedjeng. Kapan geuwat  
njokot tjal, *oeroet titoetoegna dibandjoer*.  
Naon sababna? Soepaja oeroet titoetoeg  
tea tiis, djadi sirahna boedak noe laboeh  
oge miloe tiis, noeroet boeat, djadi teu  
njerieun djeung teu toetoelejan.

Koe lantaran kapertjajaan tea bidjil pi-  
rang-pirang kapamalian. Tjontana:

*Oelah sok njoo beas, matak didjoel  
koe toa.*

Sarerea tangtoe pada terang pare  
djeung beas teh *Nji Sri* Koemaha hormat-  
na djeléma ka *Nji Sri*, meureun geus moal  
aja noe bireuk. Mangkaning ajeuna aja  
boedak njoo beas, sakitoe tjologogna ka  
*Nji Sri*, koemaha henteu rek ditjarek.  
Djeung koemaha henteu rek djadi pamali.  
njoo beas, anoe sakitoe dimoelja-moeljana

Ari noe djadi matakna tea, sakapeun  
énja geus kadjadian kitoe, sakapeun mah  
dipake njingsieunan bae, da noe dimaksoed  
koe kolot teh „oelahna ngalampahkeun”.  
Ari eta mah *matakna* atawa *salahna* koe  
kolot teu di perloekeun, da karép kolot mah  
baroedak atawa noe ngora teh teu koedoe

mapaj-mapaj sababna, noe pürloe mah *ngu-  
gahna* djeung *sieunna*, da nadjan pintèr  
kana sabab-sabab oge, ari teu sieur mah  
taja goenana. Kapan boekti loba djeléma  
pintèr loedeungan, toengtoengna tjlaka.  
Nja kitoe deui saperti alam ajeun: loba  
nonoman anoe ngoelik elmoe kaalahar tina  
theosophie, sagala pèrkara kapanggih sa-  
babna, tjeck kolot mah taja mangpaatna,  
lamoen teu dibarèngan koe sieun. (Naha  
jaktos? S. d. R.).

*Oelah dahar tjaoe sisina, matak ka-  
singsal.*

Matak di dieu asalna tina noeroet boeat  
tea. Lamoen dina koempoelan oerang tji-  
tjing pangsisina sok tara pati kapalire,  
tara diadjenan.

*Oelah sok dahar oeteuk, matak ngora-  
ngora hoeisan.*

Sépoech oeningana kana oeteuk teu ka-  
tjeck koe doktor, nja eta nekadkeun jen eta  
teh gedongna akal djeung karép, malah ari  
sépoech mah aja deui tekadna djaba ti  
kitoe.

Koe sabab eta oeteuk teh katjide pisan  
dipoesti-poestina diséboetna oge lamah  
poetih, malah aja oge anoe mantrang nje-  
boet oeteuk, koedoe polo. Koe sabab kitoe  
„oelah dahar oeteuk”. Lain pisan sabab  
koret, ngan eta teh *soeloek* koedoe dipiki-  
ran koe noe ngora.

Demi eta matakna, diséboet matak tereh  
hoeisan, lantaranana teh nja tina kapèr-  
tjajaan „noeroet boeat keneh bae, doemeh  
oeteuk bodas tjara hoeis. Atawa laekeun  
oge panjingsieunan.

*Oelah dahar toenggir hajam, matak di-  
pangmoenggirkeun.*

Ieu oge datangna nja tina kapertjajaan  
keneh.

Saha-saha noe geus mapaj bab *babaleng  
adjoed danbin*, tangtoe ngarti naon sabab-  
na noe matak kolot mantang kitoe.

*Oelah oelin sareupna, matak diranoe  
kelong.*

Ieu kapamalian datangna tina pertjaja  
ka djoerig tea.

Toeroeg-toeroeg geus mindeng kadja-  
dian, boedak oelin sandekala sok toeloeg  
teu ingët, loba noe njaksianinja. Ajeuna

*adjoed  
danbin ?*

oerang keur aja dina djaman spiritisme, oelah waka-waka njawad kana pèrkara gaib, koering mah geus nendjo doea tiloe kali koe mata sorangan pèrkara noe aneh.

*Oelah mandi méntas dahar matak lesang coeras.*

Ieu oge meureun tina kapértjajaan noe-roet boeat keneh, sabab koe mandi teh sagala kokotor kapalidkeun.

II. Djaman baheula di oerang diséboet djaman wérit djaman roesoeh, loba begal loba paling djeung loba panganiaja batoer, lantaran noe djadi pamarentah nagara koerang beres atoeranana, teu tjara ajeuna.

Koe lantaran kitoe djéléma-djéléma pa-bisa-bisa ngadjaga dirina sorangan bae. Ari ngadjagana nja eta pada ngoelik, elmoe kalahiran, nja boekti aja pirang-pirang elmoe: *kawédoekan, kadjajaan, halmoenan, kinasihan* dj. s. t. Lamoen ngewa ka djaléma, sakapeung teu dilawan koe badag, dilawan koe lémbuet bae, koe *néloch* atawa koe elmoe noe sedjen. Hajang ka aweuwe oge noe baheula mah sok ngandélkeun *asihan* bae.

Koe sabab aja atoeran kitoe datang pirang-pirang kapamalian, soepaja bisa ngalawan pamake djéléma.

Saratna djéléma noe rek ngawisaja batoer, anoe geus loembréh kanjahoan koe sarerea, nja eta koedoe njaho *ngaranna boedak* djeung *wéwédalanana* anoe rek diwisaja tea. *Koe sabab eta pantang katjida kolot-kolot ngabedjakeun ngaran keur boedak djeung wéwédalan sorangan.*

Aja deui sarat, anoe meh sarerea njaho nja eta lamoen rek ngasihanan djéléma koedoe disaratan koe boeekna.

Koe sabab eta djadi kapamalian: *oelah sok mitjeun boeek gagabah, bisi keur koe wisaja.* Kolot-kolot mah oepama méntas njisiran atawa méntas ditjoekoer, boeekna sok dipalidkeun ka tjai. Lamoen djaoeh ka waloengan atawa kasoesoekan, sok toeloej disélapkeun kana gébog. Eta oge datangna tina kapertjajaan *noeroet boeat* tea, lamoen boeek diteundeun di dinja, tangtoe tiis moal beunang diwisaja deungeun, tjara soeloech baseuh moal teurak

koe seuneu. Tapi geus tangtoe koedoe aja *parantjahna*. 1)

III. Loba oge kapamalian anoe asalna tina *pamanggih* bae, geus sababaraha kali kalakoean kitoe sok matak tjilaka, toeloej bae koe kolot didjieun *loeang*, saperti:

*Oelah diangir asar, matak paeh ngora-ngora.*

*Oelah noong kana bilik matak toeng-goeroewissen:*

*Oelah sok ngeunteungan boedak, matak titeuleum;*

*Oelah njotjolan paisan, matak ngoepat kaperego;*  
djeung salian ti eta.

Anoe kitoe taksiran *tjilakana* mah nja sababaraha roepa bae, tapi anoe *dipake matak* sahidji oge tjoekoe, sabab maksoedna ngan *oelah dilakonan* tea bae. Saperti *anoe noong kana bilik*, meureun sok radjeun, kapireungpeunan, atawa diseu-reud sato, atawa kaantélan djapah népi ka djadi toenggoeroewisen: ari anoe dipake matak mah ngan *toenggoeroewisen* woengkoel, nja eta di pilih anoe pang-teu-matak-kahartina.

IV. Kabehdieunakeun, sanggeus djalma-djalma tambah akalna, dimana nendjo kalakoean boedak anoe koerang pantés, sok toeloej njieun kapamalian noeroetan kolot baheula, tapi ieu mah bobohongan bae, ngarah boedak djadi bageur. Tjontona:

*Oelah résép tatakolan, matak ditoeroetan djoerig;*

*Oelah dahar bari sidengdang, matak gède bitis;*

*Oelah njisiran bari leumpany, matak njorang wiwirang* djeund salian ti eta.

V. Tjek sawareh mah aja kapamalian anoe asalna tina hadis Nabi, saperti:

*Oelah sasapoe malém Djoemaah, matak pakir waris.*

Koe lantaran noe ka IV djeung noe ka V tea, kapamalian teh beuki loba bae, népi ka ratoes-ratoes. Katambah deui koe ka-

(1) *Parantjah* taksiran asalna tina basa Djawa *pantjah*, hartina *kahalangan, kapégatan*. Djadi *parantjah* tegésna: Omongan pikeun mégat balai. *Paisan kapantjah* hartina: daeonna toetoeng, ari anoe dipaisna atah keneh, lantaran seuneuna kapégatan koe daoen tea = kageuegseng.

pamalan ti nagara sedjen, da pamalin Bandoeng djeung pamali Soemédang teh tangtoe moal tjotjog kabeh. Ana dikoempoelkeun nja djadi beuki loba, da asalna mah meureun moal sakoemaha.

Handjakal katjida di Soenda teu aja noe bisa nérangkeun saha mimitina anoe njeun kapamalian, hénteu tjara di Djawa sok kapanggih bongkotna.

Ajeuna noe ngarang rek naros ka sadajana para wargi Pasoendan, doemeh ajeuna oerang geus aja dina djaman kamadjoean, naha eta kapamalian teh pake bae koe oerang, atawa pitjeun?

Ari moenggoeh emoetan koering mah tina geus sedjen djaman sedjen alam tea *lauwih hade ditoenda bae sagala pabidahan* teh, sabab lamoen koe oerang dipageuhan matak djadi halangan gède kana kamadjoean. Geura bae mangga manah, saperti adat karoehoen rèsép pisan kana ngitoeng *panaasan, larangan boelan, kala sa'at* djeung saroepa kitoe, lamoen koe oerang diimankeun matak djadi halangan gède kana karép, sabab alam ajeuna lamoen rek njanjabaan kapan koedoe noeroetkeun kana inditna kareta api, anoe teu beunang pisan diengke-engke. Oepama oerang rek njaba ka Samarang koedoe indit poekoel 7 tapi waktoe eta sa'atna goreng, koedoe koemaha oerang? Djeung oepama hidji polisi koedoe njoesoel bangsat ka wetan tapi mapag kala, naha montong indit? Enja ari koe noe pageuh mah kana palintangan sok diakalan, rek ka wetan, mitjeun salasah heula, los ka koelon, tapi tjek noe bérakal mah matak seuri, kawas kala teh beunang dibobodo, pada hal sakitoe kawasana iasa maparin katjilakaan.

Sakabeh pabidahan, lamoen koe oerang dipikir, aja bae matakna djadi halangan teh, ari njalametkeunana mah teu atjan poegoeh.

Oepama koe oerang teu dipake, kawasna nja teu matak naon-naon, sebab koering geus ningal sorangan di Batawi tara aja noe make kana *panaasan* atawa rarangan boelan; lamoen rek kariaan teh tanggal 13, 16 atawa 24 teh prak bae, tapi ari boektina mah noe salamet nja salamét, noe tjilaka tjilaka. Soemawonna lamoen oerang ingét

ka bangsa sedjen anoe tara pisan make kana pabidahan, bét taja bedana djeung oerang, malah leuwih salamét.

Kahartosna koe koering moenggoehing kasalamétan teh lahirna noeroetkeun kana ichtiar oerang; lamoen pohara ichtiarna, kasalamétanana oge nja teu woedoe. Tapi eta ichtiar teh koedoe dioboran koe akal djeung *paham*. Koe sabab eta pikeun njiar kasalamétan teh atoeah oerang ngasah akal bae sing seukeut.

Poegoeh di alam doenja teh masih pirang-pirang keneh pérkara anoe tatjan kaharti koe akal djéléma, sabab elmoening Allah teh goenoeng tanpa toetoeagan, sapa-ra tanpa tépi, tapi koe oerang teu koedoe dipake pikir, teu koedoe dipikasieun. Hénteu koedoe oerang loeak-leok tjara tangkal awi katébak angin. *Panghadena moenggoeh djéléma teh koedoe adjég pantjég, péngkoeh toekoeh, tjékél hidji; oelah bengbatan gembangan; moen oerang sabalelérán, matak djeleh pamadjikan.*

Lain pisan koering teh teu pértjaja kana elmoe karoehoen, da mana dilalampahkeun oge ti baheula népi ka ajeuna meureun aja karasana; gède leutikna wallahoe a'lam. Ngan eta bae tjek pikiran sorangan dina alam ajeuna *katjida pisan elehna elmoe boehoen koe elmoe akal*. Geura bae tjonto anoe pangtérangna dina bab asihan ka aweue anoe népi ka ajeuna loba keneh noe pértjaja, loba keneh noe ngalampahkeun — pajoe mana djéléma noe ngadji *asihán boehoen* djeung noe ngadji *asihán bawa ti koedrat* (natuur)? Paméndak koering mah djaoeh pisan, pajoe noe kadoea. Anoe kahidji mah geuning ngan oekoer mijoeni mangandeu, kitoe oge teu sapira, beunangna koedoe kalawan hese tjape, koedoe ditapaan, wah, hese beleke.

Geura ari koe asihan kadoea mah, sakilat beres, djeung tara aja noe nambag, teu tjara koe noe kahidji.

Naon ari anoe diséboet asihan bawa ti koedrat teh?

Goesti Noe Maha Soetji geus ngadamél asihan di alam doenja pikeun ka aweue ka lalaki, nja eta: *roepa noe aloes, sora noe ngeunah djeung rasa noe nimat*. Tah, eta asihan bawa ti koedrat teh. Koe eta

mah sakabeh oge kapelet, kairoet, kagëndam.

Ari eta beunangna koedoe koe *doeit*. Geuning boekti aja paribasa: *Kèrèntjèng koelan!* Demi *doeit* tea dialana-koedoe koe *akal*. Djadi toteja akal teh ngelakkeun kana elmoe boehoen.

Nja kitoe deui djëléma anoe oemakoe gagah wédoek noe geus kaboehtian mah taja anoe bisa manggapoelia kana granaa: 42 c. M.

Djadi alam ajeuna mah tjoemah bae ngadji elmoe boehoen teh, diadjina hese, koedoe make tapa, mati gëni dj. s. t. ari manepaatna tatjan poegoeh.

Djeung deui pamëndak koering noe ngaradji kitoe apës pisan roepana: kotor, malarat djeung sok goreng lakoe lampah. Geus tangtoe bae kitoe, sabab noe boga rasa gagah meureun moal daek kahina koe batoer toengtoengna djadi poerah neunggeulan djëléma. Ana soesah koe hakaneun, tangtoe maling, da rasana moal katangkép. Noe boga asihan, tangtoe latjoer, rasa maneh loba noe bogoh.

Eta kabeh djadi halangan kana kama-djoean.

Nja kitoe deui lamoen oerang ngoekoe-han kapamalian, teu meunang henteu tangtoe hese ngalengkah. *Moenggoeh djëléma teh leuwih hade ngaloen, manan ngodjaj madjoe ka girang atawa nadahan palidna tjai. (Kadè baè bilih palid! S. d. R.)*

Ajeuna kapamalian teh koe koering ba de ditoeliskeun sakoer anoe geus kapëndak, tapi lain keur anggoeun, lain agëmeun ngan loemajan soepaja oeninga bae, babakoena pikeun ngoelik basa.

Oelah sok njidoehan, matak djadi aoei.

Oelah ngëpoek koe badjoe, matak koerap.

Oelah neunggeul koe sapoe, matak djing-djingeun.

Oelah goenta-ganti tobas, matak mindang atawa matak loba doenoengan.

Ari keur dahar oelah sok pipindahan matak loba doenoengan.

Oelah ngalengkahan barera matak pëloeh.

Ari parawan oelah sok njeupah djeung semah matak sareseheun.

Oelah njatoe boeah oeroet kalong, matak rodek soesoe.

Oelah njitjian tjatjangkir pinoeh teuing, matak dikoelak deungeun.

Oelah moeroej dina soemoer, matak titeuleum.

Oelah ditioeng koe badjoe, matak apës.

Oelah nanggeuhkeun goeloengan samak, matak gering saimah-imah.

Oelah neker deukeut seuneu. matak malarat.

Oelah ngangin di noe lenglang, matak digoejoerkeun paloeng.

Oelah ngising ngarendeng, matak parboet anak.

Oelah mere kōtan ka boedak, matak tjadel.

Oelah nangtang angin gëde, matak nga-boeang sorangan.

Oelah naekan gëdang bisi ragrag, matak edan.

Oelah ngaheureujan bangkong, matak moeriang.

Oelah noeloengan bantjet koe oeraj, matak intjok.

Oelah meuleum batok, matak njëri toeer.

Oelah nendjo noe meuntjit moending, matak dangdan beureum beungeut.

Oelah meuleum daoen tjaoe baseuh, matak baee kelek.

Oelah dahar oejah dina tēngah—tēngah dahar, matak hoedjaneun di djalan.

Oelah meuleum sapoe panjaraan, matak tiiseun.

Oelah sok rësëp ngoeah, matak tiis panjarangan.

Oelah nginoem bari nangtoeng matak tobat teu dihampoera.

Oelah ngëboetkeun boeok di tjai, matak dipikabogoh djoerig.

Oelah ngagëbëran seuneu matak katarik përkara.

Oelah njeungseurikeun noe hitoet matak malarat.

Oelah beuki iwoeng awi gëde, matak edan awi tjarang.

Oelah ngoeah dina tjoët, matak meunangkeun randa.

(Aja samboengannana).